



Pou Piblikasyon Imedya: 25/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GAYAN KONPETISYON ENÈJI PWÒP 76WEST LAN

Yo Nonme Konpayi EkoStinger a ki Baze nan Rochester kòm Gayan Gran Pri 1 Milyon Dola - yo pral Agrandi Biznis yo nan Rejyon Southern Tier la; sa k ap Devlope Ekonomi Enèji Pwòp Rejyon Southern Tier la

Konpetisyon an Konplete “Southern Tier Soaring” – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo e Devlope Ekonomi an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse sis konpayi gayan nan Konpetisyon Enèji Pwòp 76West la (76West Clean Energy Competition) – ki se youn nan pi gwo konpetisyon nan peyi a ki konsantre sou sipòte ak devlope biznis enèji pwòp yo epi ankouraje devlopman ekonomik. Yo te nonme konpayi EkoStinger a ki baze nan Rochester, ki fabrike dispozitif ewodinamik sou-remòk pou kanntenè yo ki redwi degajman gaz epi ekonomize kabiran yo, kòm gayan gran pri 1 milyon dola epi yo pral agrandi operasyon yo nan rejyon Southern Tier la. Konpetisyon an konpleman Inisyativ “Southern Tier Soaring” lan – ki se plan estrateji global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ansanm ak devlopman kominotè.

“Konpetisyon 76West la ap atire kèk nan antreprenè ki pi inovatè vin nan rejyon Southern Tier la, sa k ap estimile kwasans ekonomik pandan y ap fè vanse ekonomi enèji pwòp Eta nou an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Felisitasyon a EkoStinger ak rès gayan 76West la yo k ap pote djòb vin nan rejyon sa a epi asire New York rete alatèt lit kont chanjman klimatik la.”

Yo te akòde 2.5 milyon dola ototal bay sis konpayi inovatè. Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te anonse gayan nan yon seremoni remiz dèpri ki te fèt nan sant vil Binghamton lan jodi a, epi te gen plis pase 100 fonksyonè, antreprenè ak lidè biznis lokal yo. Yo te nonme yon gayan 500,000 dola ak kat gayan 250,000 dola nan evènman tou. Se Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ki ap administre konpetisyon an.

Kòm youn nan kondisyon pou yo resevwa pri a, konpayi yo dwe swa demenaje vin nan rejyon Southern Tier la oswa tabli yon koneksyon avèk rejyon Southern Tier la, tankou chèn apwovizyonman, devlopman travay avèk konpayi ki deja nan Southern Tier la yo, oswa tabli lòt relasyon estratejik avèk antite Southern Tier yo k ap ogmante kreyasyon richès epi kreye travay. Si konpayi yo deja nan Southern Tier, yo dwe angaje pou devlope sibstansyèlman biznis yo ak travay nan rejyon an.

“Konpetisyon 76West la se yon egzant ki montre estrateji devlopman ekonomik kreyatif yo k ap estime jèn konpayi nan endistri demen yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou ap bay prim ankourajman pou inovasyon enèji pwòp pou kreye plis djòb ak plis opòtinite nan rejyon Southern Tier la ak toupatou atravè eta a. Lè nou invest nan enèji renouvlab ak lòt solisyon enèji pwòp ankò yo, sa ap garanti tou yon anviwonman ki pi pwòp ak yon ekonomi ki pi solid pou jenerasyon Nouyòkè k ap vini an yo. Felisitasyon a tout gayan 76West la yo k ap pote biznis yo ak teknoloji enèji pwòp yo vini nan rejyon Southern Tier la.”

Gayan 76West yo se:

Gayan gran pri 1 milyon dola

- EkoStinger - Rochester, NY: Fabrikan dispozitif sou-remòk ewodinamik pou kanntenè yo ki redwi degajman gaz ak ekonomize kabiran.

Gayan pri 500,000 dola

- Hub Controls - Dublin, Iland: Kreye pwodwi enèji entèlijan pou kay yo, k ap responsabilize fwaye yo pou yo jere fakti sèvis piblik yo.

Gayan pri 250,000 dola

- Connexus Controls - Albany, NY: Ofri yon platfòm ki konekte sou entènèt k ap pèmèt kontraktè sèvis chofaj ak klimatizè yo ogmante efikasite enèji yo atravè sistèm jesyon kliyan yo.
- PassiveLogic - Holladay, UT: Pèmèt bilding yo itilize enèji nan fason ki pi efikas avèk sistèm kontwòl otomatik bilding yo.
- Southern Tier Technologies - Endwell, NY: Kreye pwodwi optimizasyon enèji pou ede kliyan yo redwi degajman kabòn yo epi redwi depans fakti sèvis piblik yo.
- Switched Source - Detroit, MI: Pwodwi aparèy elektwonik pwisans alechèl distribisyon k ap ogmante penetrasyon enèji renouvlab sou rezo a.

Yo te lanse twazyèm faz konpetisyon 76West la an Desanm 2017 epi yo te resevwa 152 aplikasyon ki soti nan plis pase yon douzèn peyi ak 27 eta. Pami sila yo, yo te chwazi 20 finalis epi yo te patisipe nan yon sesyon prezantasyon ki te dire de jou soti 31 Jiyè rive 1ye Out nan Cornell University. Apresa jij yo te rekòmande sis premye gayan yo.

Ansyen gayan 76West yo te deja entegre tèt yo nan rejyon Southern Tier la, kote yo kolekte 28 milyon dola nan kapital prive pou kwasans alavni, sa k ap kreye investisman milti-milyon dola nan pwopriyete ak ekipman izin ki nan Southern Tier la yo, depans plis pase 1.7 milyon dola nan founisè enpòtan yo, epi kreye nouvo djòb.

Prezidan Enèji ak Finans (Energy and Finance) Eta New York la, Richard Kauffman, te di, “Nou kontan pou nou wè yon lòt fwa ankò, yon gwoup antreprenè ak konpayi solid, divès ki soti toupatou atravè mond lan k ap patisipe nan konpetisyon

Enèji Pwòp 76West la. Envestisman yo te fè atravè konpetisyon sa a yo ap estimile devlopman ekonomik pwòp, ankouraje espri antreprenarya inovatè, ak atire nouvo biznis vin nan rejyon Southern Tier la, epi yo pral sipòte objektif enèji pwòp anbisye Gouvènè Cuomo a yo pandan y ap asire kwasans anlwa solid ki te deja karakteristik ekonomi enèji pwòp kwasan New York la”.

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, “Konpetisyon 76West la ak teknoloji enèji pwòp y ap devlope kòm konsekans li an yo ap ede sipòte Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) New York la yo k ap trase chemen an pou nasyon an, pou asire ke mwaye elektrisite eta a itilize soti nan sous renouvlab yo epi redwi degajman gaz danjre yo apati 2030. Mwen felisite tout loreya yo ak tout finalis yo pou siksè yo nan konpetisyon sa a epi mwen atann pou m wè yo chak kontinye pwospere nan rejyon Southern Tier la”.

Anplis de gayan 76West yo li te revele, Gouvènè Adjwen Hochul te anonse gen 8 milyon dola ki disponib atravè yon nouvo pwogram NYSERDA pou fè vanse modèl biznis novatè ki fasilite adopsyon teknoloji enèji pwòp yo lè yo ede yo simonte obstak mache yo tankou gwo depans inisyalyon yo ak randman varyab alavni yo.

Biznis modèl novatè ak òf yo gendwa gen ladan kontra ki baze sou pèfòmans, akò pouwa dacha, pataj resous, oswa akò sou pataj ekonomi yo. Menm si jan de òf sa yo popilè nan kèk mache, aplikasyon ateste yo a nan yon nouvo mache gendwa vo sipò pou miz a lechèl ak kwasans pou yo plis atenn adopsyon enèji pwòp. Finansman disponib atravè Fon Enèji Pwòp (Clean Energy Fund, CEF) eta a ki gen 5.3 milya dola pou 10 zan. Pou plis enfòmasyon sou finansman sa a, vizite [sitwèb NYSERDA a](#).

76West se yon konpetisyon ak yon pwogram sipò 20 milyon dola ki te kòmanse an 2016 yo ki pral kontinye jiska an 2019. Chak ane aplikan yo pral antre an konpetisyon pou yon gran pri 1 milyon dola, yon prim 500,000 dola ak kat prim 250,000 dola. Ototal, 76West ap bay 10 milyon dola nan pri ak 10 milyon dola nan asistans pwofesyonèl, komèsyalizasyon ak administrasyon atravè Inisyativ Rejyonal Kont Gaz a Efè Sèr yo (Regional Greenhouse Gas Initiative) ak Fon Enèji Pwòp la.

Konpetisyon 76West la sipòte Estanda Enèji Pwòp New York la k ap trase chemen an pou nasyon an, sa ki pral asire 50 pousan elektrisite eta itilize soti nan enèji renouvlab apati 2030 - nan kad inisyativ Refòm Vizyon Enèji a (Reforming the Energy Vision, REV), ki se yon estrateji global pou konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan, ak pi abòdab pou tout Nouyòkè. Konpetisyon 76West la ap ankouraje devlopman ekonomik nan sektè teknoloji pwòp yo epi agrandi espri antreprenarya inovatè nan rejyon Southern Tier la.

Tom Tranter, ki se Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier la (Southern Tier Regional Economic Development Council), ak Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Corning Enterprises la, epi Dr. Harvey Stenger, ki se Prezidan Binghamton University a, te deklare, “Inovasyon se motè kle pou kwasans ekonomik nan rejyon Southern Tier la, epi Konpetisyon 76West la ap pote kèk nan meyè inovatè ki pi briyan yo vin nan rejyon nou an. Non sèlman gayan konpetisyon an yo pral jenere nouvo opòtinite djòb epi ede devlope ekonomi an, men tou yo pral ede satisfè bezwen enèji pwòp eta nou an. Nou kontan anpil pou nou wè teknoloji gayan faz sa yo pral kreye”.

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Lwès New York lan e Prezidan SolEpoxy Inc., Jeff Belt, te deklare, “Lè konpayi teknoloji pwòp yo vini nan rejyon Southern Tier la, yo kreye djòb ak opòtinite ekonomik. Inisyativ pwometè sa a te deja tabli yon fondasyon antreprenè enèji pwòp toupatou atravè rejyon Southern Tier la, epi gayan jodi a yo pral senpleman plis vanse eksperyans kwasans ekonomik rejyon an deja ap viv la. Felisitasyon a tout gayan yo, epi mèsè a Gouvènè Cuomo paske l ap sipòte ekonomi enèji pwòp ki an kwasans nou an”.

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Lwès New York lan epi Prezidan State University of New York nan Fredonia, Dr. Virginia Horvath, te deklare, “Konpetisyon 76West la te tèlman reyisi atire nouvo biznis pwometè nan sektè enèji pwòp la vin nan rejyon Southern Tier la. Biznis gayan yo pral ajoute menm plis elan ankò pou revitalizasyon ak devlopman ekonomik rejyon sa a kontinye ap pran. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo, NYSERDA, ansanm avèk patnè nou yo nan gouvènman pou opòtinite pwometè sa pou fè vanse kwasans ak siskè rejyon Southern Tier la”.

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, “Inovasyon ak espri antreprenarya te toujou santral pou ekonomi rejyon Southern Tier la. Pou ajoute sou tradisyon sa a, 76West ap ankouraje nouvo biznis yo demenaje vin nan rejyon nou an, sa k ap mentni estati New York kòm lidè nan devlopman enèji pwòp”.

Akselere “Southern Tier Soaring”

Anons jodi a vin konpleman pwojè “Southern Tier Soaring”, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta te deja investi plis pase 4.6 milya dola nan rejyon an depi 2012 jete baz pou plan – atire fòs travay ki gen talan, devlopman biznis epi pwomouvwa inovasyon. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gran Resesyon an; taks sou revni pèsònèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Johnson City ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Koulye a, rejyon an ap akselere siksè “Southern Tier Soaring” ak yon envèstisman eta 500 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta la (Upstate Revitalization Initiative), jan Gouvènè Cuomo te anonse li a an Desanm 2015. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)